

Nim. 202.51

DEKRÈ EGZEKITIF

**KONTINITE SISPANSYON AK MODIFIKASYON TANPORÈ LWA YO  
KI GEN RAPÒ AK IJANS NAN SITIYASYON KATASTWÒF LA**

**LÈ NOU KONSIDERE**, nan dat 7 mas 2020 an, mwen te pibliye Dekrè Egzekitif Nimewo 202 a (Executive Order Number 202) pou deklare yon ijans nan sitiyasyon katastwòf nan Eta a pou tout Eta New York la; ak

**LÈ NOU KONSIDERE**, yo te dokimante alafwa ka transmisyon COVID-19 ki gen pou wè avèk vwayaj ak ka transmisyon COVID-19 akòz kontak nan kominote a nan Eta New York epi yo prevwa sa pral kontinye toujou;

**KOUNYE A, AN KONSEKANS**, Mwen, Andrew M. Cuomo, Gouvènè Eta New York, konfòmman ak otorite ke Seksyon 29-a nan Atik 2-B nan Lwa Egzekitif (Executive Law) la ban mwen pou sispann oswa modifiye pwovizwaman nenpòt lwa jeneral, lwa lokal, òdonans, dekrè, règ, oswa règleman, oswa pati ladan yo, pou nenpòt ajans pandan yon ijans nan Eta a poutèt katastwòf, si respè lwa jeneral, lwa lokal, òdonans, dekrè, règ, oswa règleman sa yo ta anpeche, jennen, oswa retade mezi ki nesèsè pou fè fas ak ijans katastwòf la, oswa si sa nesèsè pou bay asistans oswa èd pou fè fas ak katastwòf sa a, avèk dokiman sa a, ap kontinye direktiv yo, ke yon direktiv annapre pa sispann, ki te fèt pa Dekrè Egzekitif 202.31 epi ak dokiman sa, mwen kontinye sispansyon ak direktiv ki nan Dekrè Egzekitif 202.41, direktiv la gen ladan Dekrè Egzekitif 202.42, ak sispansyon ak direktiv ki nan Dekrè Egzekitif 202.43 a, ak eksepsyon anba yo, pou yon lòt peryòd trant jou jiska 12 out 2020:

- Seksyon 5-18.0(2) nan Kòd Administratif Konte Nassau (Nassau County Administrative Code) pa sispann oswa modifiye ankò; ak
- Nenpòt ekstansyon pou peryòd pou peye taks sou pwopriete san enterè oswa sanksyon dapre Seksyon 925-a Lwa sou Taks sou Pwopriete Imobilye (Real Property Tax Law) pa anvigè ankò.

**ANPLIS DE SA**, Mwen avèk dokiman sa a sispann oswa modifiye tanporèman, pou peryòd apati dat Dekrè Egzekitif sa a jiska mercredi 12 août 2020, lwa ki annapre yo:

- Sibdivizyon 1 nan seksyon 259 nan Lwa sou Edikasyon (Education Law) an nan limit ki nesèsè pou diminye kantite siyati obligatwa sou petisyon finansman ki anrejistre nan bibliyotèk piblik oswa asosiyasyon lib a twa pwen twa (3.3) pousan nan kantite vòt total yo te bay pou Gouvènè nan dènye eleksyon gouvènmantal yo nan minisipalite sa, eksepte vòt blan ak vòt ki anile yo. Petisyon sa yo dwe soumèt omwen 30 jou anvan eleksyon ki pwograme yo.
- Nenpòt lwa eta a, règ oswa règleman ki reji rasanbleman petisyon nominasyon pou nenpòt eleksyon distri bibliyotèk piblik oswa eleksyon distri bibliyotèk espesyal nan limit ki nesèsè pou prevwa sèy minimòm siyati obligatwa sou nominasyon petisyon pou eleksyon administratè bibliyotèk ki dwe fèt nan 15 septanm 2020 an, oswa nan yon dat ki vin apre 15 septanm jiska 31 desanm 2020, dwe yon kantite ki egal a swasanndis (70) pousan nan kantite minimòm Lwa sou Edikasyon an oswa dispozisyon legal ki apliakab ak bibliyotèk sa prevwa. Petisyon sa yo dwe soumèt omwen 30 jou anvan eleksyon ki pwograme yo.

F È T anba siyati mwen ak So Prive Eta a nan Vil Albany

nan trèzyèm jou mwa jiyè nan ane de mil

ven.

SOU LÒD GOUVÈNÈ A

Sekretè Gouvènè a